



Pou Piblikasyon Imedya: 10/12/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN YON LEJISLASYON KI EGZIJE PWÒGRAM ASISTANS LANG NAN LOPITAL YO NAN TOUT ETA A

Asire aksè ekitab ak swen sante pou plizyè milyon Nouyòkè ki pale yon lang ki pa anglè

Lejislasyon S6288B/A387B a egzije pwogram asistans lang ki adekwa nan tout lopital yo nan Eta Nouyòk

Gouvènè Kathy Hochul te siyen yon lwa jodi a pou egzije lopital jeneral atravè eta a pou devlope yon pwogram asistans lang pou asire pasyan yo kapab jwenn aksè ak tout sèvis swen sante yo. Lejislasyon sa a apiye sou wòl Nouyòk kòm yon lidè nasyonal nan kraze baryè ki anpeche swen sante ak resous ki gen kalite siperyè.

"Tout moun merite dwa pou jwenn swen sante aksesib, san baryè lang ki anpeche yo jwenn sèvis yo bezwen yo", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Siyen lejislasyon sa a asire ke tout Nouyòkè, kèlkeswa lang prensipal yo, yo trete avèk diyite ak swen."

Pwojè lwa a ta egzije pou chak lopital jeneral devlope yon pwogram asistans lang ki ajoute sèten eleman, tankou:

- Deziyasyon yon kowòdinatè asistans lang
- Règleman ak pwosedi ki asire idantifikasyon alè ak aksè kontinyèl pou pasyan ki bezwen sèvis asistans lang.
- Fòmasyon ak fòmasyon kontinyèl pou anplwaye lopital yo
- Siyalizasyon apwopriye
- Dokimantasyon preferans lang nan dosye medikal yo
- Bay pasyan ki bezwen sèvis sa yo entèprèt kalifye ak lòt anplwaye ki gen konpetans nan kominikasyon ak moun ki gen pwoblèm vizyon ak/oswa pwoblèm tande.

Senatè Eta a, Gustavo Rivera, te deklare, "Asire aksè ak lang nan lopital yo pou chak Nouyòkè enperatif pou yon eta ki vle asire aksè ak swen inivèsèl. Mèsi Gouvènè Hochul paske Senatè Liu ak Manm Asanble Rozic te siyen lejislasyon enpòtan sa a."

Senatè Eta John Liu te deklare, "Chak pasyan ki antre nan yon lopital ta dwe gen kapasite pou kominike klèman e avèk konfyans ak doktè li, sitou pandan ijans lè tan

enpòtan. Malerezman, twòp timoun piti toujou bezwen tradui enfòmasyon konplike sou swen sante pou paran imigran yo akòz sipò lang ensifizan nan lopital eta yo. Pwojè lwa sa a pral asire ke sèvis nan lang lan pa sèlman yon bagay yo panse apre, men yon egzijans pou tout lopital Nouyòk yo pou tout Nouyòkè yo ka gen konfyans ke swen sante yo an bon men."

Manm Asanble Amy Paulin, te deklare, "Manm Asanble Rozic ak Senatè Liu te yon chanpyon pou pasyan ki twò souvan gen difikilite pou navige nan sistèm swen sante nou an, e lejislasyon sa a reflekte angajman solid li anvè ekite nan swen. Li ranpli yon vid ki la depi lontan pou ede asire ke lopital nou yo pi byen satisfè bezwen kominote y ap sèvi yo, epi mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul dèske li te siyen l pou l vin yon lwa."

Yon fanm ki se Manm Asanble a, Nily Rozic te deklare, "Navige nan swen sante pa ta dwe depann de konpetans ou nan lang anglè a — li ta dwe depann de bezwen ou antanke pasyan. Mwen pwofondman rekonesan anvè Gouvènè Hochul paske li te rekonèt ijans pwoblèm sa a epi anvè Senatè John Liu pou patenarya solid li nan reyalize sa. Ansanm, n ap fè lopital nou yo reflekte plis kominote y ap sèvi yo."

Manm Asanble Michaelle Solages te deklare, "Chak Nouyòkyè gen dwa a swen medikal kalite siperyè, epi lang pa ta dwe janm anpeche yon moun jwenn èd li bezwen an. Lwa sa a pèmèt nou pwoche bò yon sistèm ki ekitab, aksesib, epi konpetan sou plan kiltirèl. Lè nou elaji resous lang yo, nou asire ke pasyan yo ka kominike byen klè ak founisè swen yo san yo pa pè malantandi. Mwen remèsye Gouvènè Hochul, Depite Rozic, ak Senatè Liu ki fè avanse lejislasyon esansyèl sa a."

Manm Asanble Karines Reyes R.N, te deklare, "Nouyòk se lakay yon gwo popilasyon moun ki pa pale anglyè, moun ki gen pwoblèm tandè ak lòt moun, ki depann sou lopital jeneral yo pou swen kalite siperyè. Baryè lang yo se yon gwo antrav nan fason pou bay swen bay popilasyon sa yo ki gen anpil moun, e siyati Gouvènè Hochul sou lejislasyon esansyèl sa a fè gwo pwogrè nan retire baryè sa yo. Mwen pa ka tann pou m wè kijan etablisman medikal yo ap elaji aksè a swen sante avèk kreyativite, atravè devlopman pwotokòl ak pwogram pou pèmèt yon aranjman adekwa pou tout pasyan ki bezwen asistans lang."

Manm Asanble Jessica Gonzalez-Rojas te deklare, "Siyati A387B jodi a se yon gwo viktwa pou Nouyòkè yo ki merite kominikasyon klè ak aksesib lè y ap chèche swen lopital. Lwa sa a egzije pou lopital yo bay sèvis asistans lang esansyèl — tankou fòmilè ki tradui ak aksè ak entèprèt — pou pasyan yo ka konprann tretman yo, faktirasyon yo, ak swen swivi yo. Antanke yon moun ki reprezante youn nan kominote ki pi divès nan eta a sou plan kiltirèl ak lengwistik, mwen konnen kijan pwojè lwa sa a ka transfòme fanmi yo tankou pa m nan — menm sove lavi yo. Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul paske li te siyen pwojè lwa enpòtan sa a epi felisite Manm Asanble Nily Rozic ak Senatè John Liu pou lidèchip yo nan defann li. Avèk A387 ki kounye a se yon lwa, n ap fè sistèm swen sante nou an pi ekitab e pi reponn a bezwen tout kominote nou yo."

Manm Asanble Jenifer Rajkumar te deklare, "Antanke reprezantan Queens, kominote ki gen plis divèsite lengwistik nan mond lan, mwen fyè pou m kopatwone lejislasyon sa a pou garanti aksè lang pou tout Nouyòkè yo. Nan moman kriz—sitou nan sal dijans—swen alè ka fè diferans ant lavi ak lanmò. Yo pa ta dwe janm refize pèsonn jwenn swen akòz yon baryè lang. Kounye a ke pwojè lwa sa a vin tounen yon lwa, nou defann yon verite senp men pwofon: chak Nouyòkè—kit yo pale yon lòt lang oswa yo kominike atravè lang siy—gen dwa pou yo wè yo, tandè yo, epi jwenn tout sipò yo lè y ap chèche swen sante."

Manm Asanble Grace Lee te deklare, "Baryè lang yo twò souvan anpeche imigran Nouyòkè yo konprann pwòp swen medikal yo. Pwojè lwa sa a pral ede asire ke chak pasyan, kèlkeswa lang yo pale a, ka defann tèt yo epi pi byen navige nan sistèm swen sante a. Mèsi a Manm Asanble Nily Rozic ak Senatè John Liu ki dirije lejislasyon enpòtan sa a epi mèsi a Gouvènè Hochul ki siyen l pou fè l vin lwa."

Manm Asanble Steven Raga, te deklare, "Sante pèsonn pa ta dwe an danje senpleman paske yo pale yon lòt lang. Kòm lakay youn nan katye ki pi divès nan mond lan, yo santi baryè sa yo patikilyèman fò isit la nan Queens. Adopte A387 la se yon etap nesèsè pou asire ke tout Nouyòkè yo ka jwenn aksè a swen sante ki gen kalite siperyè yo merite a lè nou garanti disponiblite sèvis tradiksyon yo."

Ko-direktè egzekitif CACF yo, Anita Gundanna ak Vanessa Leung, deklare, "Aksè a lang se ekite nan sante. Kounye a nan Eta Nouyòk, plis pase yon tyè nan Nouyòkè ki se Ameriken dorijin Azyatik ki gen metriz ki limite nan lang Anglè (limited English proficient, LEP) e baryè lang sa yo gen yon gwo enpak sou fanmi yo pandan y ap eseye navige nan sistèm swen sante a. Nou remèsye Gouvènè Hochul paske li te siyen lwa S6288B/A387B sou aksè lang pou lopital yo. Sa a se yon etap enpòtan pou asire ke tout pasyan yo — kèlkeswa lang yo pale a — ap resevwa aksè konplè a sèvis swen sante yo bezwen nan lopital Eta Nouyòk yo. Aksè ak kowòdinatè asistans lang ki adapte ak kilti a pral transfòme manm kominote nou an k ap chèche swen medikal. CACF ak kowalisyon nou an rekonesan anvè lidèchip moun ki te prezante pwojè lwa a, Depite Nily Rozic, ak Senatè John Liu, paske yo te gide pwojè lwa sa a pou l vin tounen yon lwa. Kowalisyon nou an fyè dèske li te defann lejislasyon sa a ansanm ak yo epi l ap kontinye travay pou asire ke sèvis aksè lang yo ranfòse atravè eta a."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Konsèy Planifikasyon Chinwa-Ameriken an, Wayne Ho, te deklare, "Nou remèsye Gouvènè Hochul paske li te siyen S6288B/A387B pou l vin yon lwa epi li te elaji aksè ak lang nan lopital yo atravè Nouyòk. Nou tandè pale de manm kominote n ap sèvi chak jou yo ki ap lite pou jwenn aksè a sèvis enpòtan tankou randevou lopital ak sante. Kominote nou yo ki pa pale angle byen ak kominote Azyatik-Ameriken nou yo merite diyite, swen, ak kapasite pou kominike bezwen medikal yo epi konprann tretman yo nan lang yo pale a, sitou nan yon tan ki apwopriye. Lwa sa a pran mezi enpòtan pou adrese twou vid sa yo nan swen epi asire plis egalite nan tretman pou Nouyòkè ki pi vilnerab yo. Nou pwofondman rekonesan anvè Depite Rozic ak Senatè John Liu pou lidèchip kontinyèl yo nan amelyore kominote imigran nou yo."

Daphne Thammasila, Direktè Adjwen Pwogram AAF la, te deklare, "Nan Federasyon Ameriken dorijin Azyatik la, nou wè chak jou kijan aksè ak lang enpòtan pou sante ak byennèt Nouyòkè Azyatik yo. Prèske mwaye nan Nouyòkè Azyatik yo — ak plis pase 70% nan granmoun aje nou yo — fè fas ak gwo baryè pou jwenn swen akòz diferans nan aksè lang. Pèsonn pa ta dwe gen difikilte pou jwenn èd medikal tou senpleman paske pa gen yon entèprèt disponib. Se poutèt sa AAF ap avanse solisyon inovan, tankou yon kowoperativ travayè entèpretasyon lang Azyatik ki inik, pou elaji sèvis kalite siperyè atravè vil la. Nou remèsye Depite Rozic ak Senatè Liu paske yo te defann pwojè lwa sa a, epi nou bat bravo pou Gouvènè Hochul paske li te siyen li. Tout Nouyòke merite swen sante ki gen kalite siperyè, kèlkeswa lang yo pale a."

Direktè Egzekitif Ameriken Azyatik pou Egalite (Asian Americans for Equality, AAFE), Thomas Yu, te deklare, "Nou vle remèsye Gouvènè Hochul paske li te siyen pwojè lwa enpòtan sa a, epi Depite Rozic ak Senatè Liu paske yo te defann yon lejislasyon ki pral amelyore swen medikal pou plizyè milyon Nouyòkè. Chak jou nan AAFE, nou ede manm kominote ki gen metriz ki limite nan lang Anglè pou yo navige nan sèvis swen sante esansyèl yo. Kidonk, nou konnen jan li ka difisil pou pasyan yo kominike avèk doktè ak lòt pwofesyonèl swen sante. Nouvo lwa sa a pral ede asire ke tout moun gen aksè a swen medikal ki gen kalite siperyè yo merite a."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral CAIPA, Dr. George Liu, MD. Ph.D, te deklare, "Antanke yon òganizasyon ki reprezante plis pase 1,400 doktè kominotè epi ki bay swen sante siperyè a plis pase 500,000 Nouyòkè Azyatik, CAIPA sipòte fòtman aksè konplè ak lang nan tout lopital yo. Asire ke pasyan yo ka kominike nan lang yo prefere a esansyèl pou sekirite, ekite, ak swen kalite siperyè. Okenn pasyan pa ta dwe janm fè fas ak baryè ki anpeche yo konprann sante yo oswa tretman yo."

Direktè Egzekitif Enterimè Sant Aksyon Kominotè Minkwon, Yoon Ji Kim, te deklare, "Sa a se yon viktwa istorik pou ekite nan sante nan Nouyòk. Pandan 41 ane, Sant Aksyon Kominotè Minkwon an te sipòte imigran Koreyen, Chinwa, ak AAPI pou yo jwenn aksè ak swen ak resous esansyèl, men nou te toujou konnen efò nou yo pa t ap ka rezoud yon kriz sistemik poukont yo. Chak jou nou wè Nouyòkè Azyatik yo ap lite pou yo ale lopital akòz baryè lang. Sondaj nou an sou sante konfime ke sa a se youn nan twa pi gwo baryè pou jwenn swen sante, epi 87% nan moun nou te enskri nan asirans ane sa a pa pale angle kòm premye lang yo. Sa a se yon refi dwa fondamantal moun ki ka gen konsekans fatal. Avèk A387B/S6288B, eta finalman bay yon vrè solisyon, pou asire ke lopital yo bay entèprèt kalifye ak aksè ki enpòtan. Nou pwofondman rekonesan anvè Manm Asanble Rozic ak Senatè Liu pou yon deseni defans dwa yo, epi anvè Gouvènè Hochul paske li te siyen pwojè lwa sa a pou pwoteje sante tout imigran Nouyòkè yo."

Direktè Egzekitif Women for Afghan Women, Dr Susan Aryan Antolin, te deklare, "Lang ka fè diferans ant swen ak neglijan. Nan Women for Afghan Women (WAW), nou travay ak fanmi ki gen difikilte pou jwenn aksè menm a enfòmasyon medikal debaz paske pa gen entèprèt nan lang yo. Imigran ak refijye Nouyòkè atravè vil la pataje

eksperyans yo. Pwojè lwa sa a esansyèl paske aksè reyèl nan lang nan lopital yo pa fakiltatif, li sove lavi moun."

Prezidan Gwoup Defans Ameriken dirijin Pakistanè a, Ali Rashid, te deklare, "Nou felisite Gouvènè Kathy Hochul apske li te siyen A387B/S6288B pou fè l vin yon lwa — yon etap enpòtan ki asire ke lang pa yon baryè ankò pou swen sante kalite siperyè nan Nouyòk. Pou anpil fanmi Pakistane, Sid Azyatik, ak imigran, lejislasyon sa a pral vle di tretman ki pi an sekirite, kominikasyon ki pi klè, ak diyite chak pasyan merite. Nou pwofondman rekonesan anvè Depite Nily Rozic ak Senatè John Liu paske yo te defann pwojè lwa enpòtan sa a epi pou angajman yo anvè ekite nan sistèm lopital nou an. Siyati sa a voye yon mesaj pwisan ke chak Nouyòkè, kèlkeswa lang yo pale a, yo gen dwa pou yo tande yo, pou yo konprann yo, epi pou yo pran swen yo."

Direktè Egzekitif Korean American Family Service Center (Sant Sèvis Fanmi Ameriken dirijin Koreyen an), Jeehae Fischer, te deklare, "Chak jou nan Korean American Family Service Cente, nou wè kijan baryè lang yo ogmante laperèz ak izolasyon pou sivivan imigran yo ak fanmi yo. Nou te travay avèk yon sivivan ki te rive lopital apre mari l te fin pike l; paske pa t gen entèprèt ki disponib, yo te oblije pitit li a tradui sa k te pase bay manman l epi eksplike vyolans papa l bay pèsònèl medikal la. Okenn timoun pa ta dwe janm pote chay sa a, epi okenn sivivan pa ta dwe oblije goumen pou sekirite ak gerizon nan yon lang yo pa pale. Avèk siyati pwojè lwa sa a, Nouyòk ap franchi yon pa enpòtan nan direksyon yon swen sante ki vrèman ekkitab lè li asire ke tout Nouyòkè, sitou sivivan vyolans ki baze sou sèks, gen aksè a swen ki adapte sou plan kiltirèl ak lengwistik epi ki delivre avèk diyite, klète ak konpasyon. Nou pwofondman rekonesan anvè Gouvènè Hochul ak chanpyon lejislatif yo Senatè John Liu, Manm Asanble Nily Rozic pou lidèchip san fay yo nan fè pwoteksyon sa a vin yon reyalite pou sivivan imigran yo ak fanmi yo atravè eta nou an."

Direktè Sèvis Sante South Asian Council for Social Service, Rehan Mehmood, te deklare, "Konsèy Sid Azyatik pou Sèvis Sosyal (South Asian Council for Social Services, SACSS) remèsye Onorab Gouvènè Kathy Hochul ak tout kè l paske li te siyen pwojè lwa sou aksè ak lang lopital yo, yon etap enpòtan pou asire ke chak Nouyòkè ka resevwa swen avèk diyite ak konpreyansyon. Nou rekonesan tou anvè Senatè John Liu ak Manm Asanble Nily Rozic pou lidèchip yo ak pou travay kole ak lejislatè yo ak òganizasyon kominotè yo pou fè lejislasyon sa a tounen yon reyalite. Aksè ak lang pou kominote nou yo nan lopital yo pral ranfòse sistèm swen sante nou an."

Sandra Ung, Manm Konsèy Minisipal Vil Nouyòk la, te deklare, "Siyati jodi a make yon gwo etap enpòtan pou imigran yo ak Nouyòkè ki gen metriz ki limite nan lang Anglè Nan yon kominote ki divèsifye lengwistikman tankou Flushing, anpil pasyan gen difikilte pou konprann dyagnostik yo, tretman yo, oswa enstriksyon yo bay lè y ap kite lopital la tou senpleman paske yo pa gen aksè ak sèvis entèpretasyon. Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul paske li te siyen pwojè lwa sa a, ki asire ke chak pasyan ka resevwa enfòmasyon ki kòrèk epi navige nan sistèm swen sante a san danje epi avèk konfyans, kèlkeswa lang yo pale a. Gras a travay ak lidèchip Depite Rozic ak Senatè Liu, sistèm swen sante nou an pral kounye a pi ekkitab e pi reponn a bezwen tout Nouyòkè yo."

Manm Konsèy Vil Nouyòk, Linda Lee, te deklare, "Mwen felisite Gouvènè Hochul ak patnè nou yo nan nivo Eta a pou lidèchip yo nan rann sistèm swen sante nou an pi aksesib lengwistikman. Nou gen yon responsablite moral pou asire ke sèvis yo aksesib pou divès kominote Vil Nouyòk yo, epi lejislasyon enpòtan sa a pral ede fanmi yo resevwa swen kalite siperyè yo merite a."

Manm Konsèy Vil Nouyòk Alexa Avilés te deklare, "NY dwe kontinye defann aksè lang pou ede Nouyòkè yo jwenn aksè ak sèvis piblik ak swen. Sa a se yon ekselan inisyativ ki pral amelyore sante piblik nou an."

Manm Konsèy Vil Nouyòk, Mercedes Narcisse, te deklare, "Antanke Prezidan Komite Lopital Konsèy Minisipal la e antanke yon imigran ki te vin nan peyi sa a san m pa pale anglè ditou, mwen konnen twò byen jan li fè pè pou w navige nan yon sistèm swen sante konplèks san w pa kapab kominike byen. Pèsonn pa ta dwe janm santi yo konfonn, pè, oswa san pouvwa lè y ap chèche swen medikal. Aksyon Gouvènè Hochul jodi a se yon gwo pa nan direksyon ekite nan sistèm swen sante nou an. Egzije lopital yo pou yo mete an plas pwogram asistans lang konplè ap ede anpil pou amelyore sekirite pasyan yo, diminye inegalite yo, epi asire ke chak Nouyòkè resevwa tretman avèk diyite lè sa pi enpòtan."

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voyer tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)